

BAB 1 BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa nya éta konci poko pikeun kahirupan manusa di dunya sabab ku ayana basa manusa bisa interaksi jeung sasama, éta basa mangrupa sumber daya pikeun hirup kumbuh di masarakat. Anapon basa bisa dipaké pikeun maham jeung ngarti kana maksud atawa tujuan jalma séjén nalika jalma séjén nyarita. Hususna dina nyarita basa Sunda anu mangrupa basa indung nu pamaké na loba ka-2 di Indonésia saenggeus basa Jawa. Basa Sunda dipaké ampir di sakabéh provinsi Jawa Barat utamana di daérah Priangan.

Kaparigelan dina ngedalkeun idé, pikiran, rasa, jeung kahayang nurutkeun Tarigan (2008, kc. 1) ngawengku opat aspék, nya éta kaparigelan maca (*reading skill*), kaparigelan nyarita (*speaking skill*), kaparigelan ngaregepkeun (*listening skill*), jeung kaparigelan nulis (*writing skill*).

Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa nu kudu dilatih. Pikeun mahér nulis, urang kudu pinter nyangkem informasi tina prosés ngaregepkeun jeung maca, sabab nulis teu ngan saukur ngedalkeun hal naon nu can pernah kaalaman. Nulis nya éta ngolah pikiran, ngasah rasa jeung ngakomunikasikeun hasil pamikiran dina wangun tinulis atawa karangan (Kusmayadi, 2007 kc. 3). Nulis bisa disebut ogé kagiatan ngedalkeun atawa ngalahirkeun pikiran jeung rasa ngaliwatan tulisan. Pikeun bisa mikir jeung ngarasakeun hiji topik atawa masalah éta tangtu kudu dimimitian ku informasi tina kagiatan nyangkem jeung maca tadi téa.

Nulis ogé mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu produktif jeung ekspresif nu dipaké pikeun komunikasi sacara teu langsung nu teu perlu aya kagiatan *tatap muka* jeung pihak séjén (Tarigan, 2008, kc. 3). Tujuan pangajaran nulis ogé nya éta supaya urang bisa nulis sacara jelas, mundel, taliti jeung gampang dipikaharti ku pamaca (Aridi D jeung Anwar Jasin, 1979 kc. 98).

Pangajaran nulis di sakola nya éta nulis surat, nulis warta, nulis téks pidato, nulis hasil wawancara jeung nulis bahasan. Pangajaran nulis warta kawilang penting sabab siswa gé kudu bisa jeung apal kumaha cara nuliskeun kajadian anu

kaalaman saharitaeun. Éta hal dipayungan ku Perda Jabar No. 5 taun 2003 anu saterusna diturunkeun dina SKKD kelas IX nu eusina saperti ieu di handap:

Standar Kompetensi

9.4 Mampu menulis untuk mengungkapkan pikiran, perasaan dan keinginan dalam bentuk surat, berita, teks pidato, hasil wawancara dan bahasan.

Kompetensi Inti

9.4.1 Menulis surat

9.4.2 Menulis berita

9.4.3 Menulis teks pidato

9.4.4 Menulis hasil wawancara

9.4.5 Menulis bahasan

(Disdik Provinsi Jawa Barat, 2007, kc. 109)

Dumasar kana hasil diajar siswa sapopoé, minat siswa kana kagiatan nulis warta kurang pisan. Loba siswa nu teu bisa nulis warta. Éta hal bisa kapaluruh tina peunteun anu aya dina posisi handapeun kriteria ketuntasan minimal (KKM). Salian ti éta bisa kapaluruh ogé tina prosés tanya jawab matéri warta ka siswa.

Lian ti éta, loba kénéh siswa anu teu bisa ngabédakeun naon anu ngaranna warta jeung nulis laporan pribadi. Faktor-faktor anu mangaruhanna bisa ti diri siswa na anu teu resep kana pangajaran nulis atawa matéri warta anu kawilang hése nu ngabaluarkeun kurang na minat siswa kana pangajaran nulis warta.

Pikeun ngungkulan éta masalah, réa cara anu bisa ditarékahan ku guru. Salah sahijina bisa ku ngagunakeun modél atawa média pangajaran anu bisa ngirut siswa kana pangajaran nulis. Dina prak-prakanana teu aya modél atawa média pangajaran anu sampurna pikeun dipaké dina sagala kagiatan pangajaran. Ku kituna, guru kudu bisa milih modél atawa média anu cocog pikeun ngungkulan masalah-masalah anu disanghareupan ku siswa nalika diajar. Fasilitas jeung média nu aya disakola bisa dipaké pikeun kagiatan proses diajar-ngajar.

Salah sahiji média anu bisa dipaké dina pangajaran nulis warta nya éta média *photostory*. Média *photostory* mangrupa média potu ngaruntuy nu eusina aya opat nepi lima potu nu digabungkeun jadi hiji, biasana potu kahiji nepi potu kalima caritana nyambung nepi bisa nyieun hiji carita sacara gembleng. *Photostory* dianggap cocog pisan dipaké nalika pangajaran nulis warta sabab gambar dina *photostory* bisa mantuan siswa sangkan leuwih kréatif deui nalika nuliskeun informasi nu aya dina foto sangkan ngajadi warta anu hadé. Siswa bisa nuliskeun

informasi nu dipiboga ku diri siswa kana wangun warta tanpa perlu siswa turun ka tempat kajadian.

Anapon judul panalungtikan anu geus aya nya éta “Panalungtikana nya éta “Éféktifitas Média *Photostory* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carpon (Studi Kuasi Ékspérimen di kelas XI SMA Muhammadiyah Cipanas Taun Ajaran 2012/2013)” ku Firlia Nurahman taun 2013. Sasaruaan dina ieu panalungtikan nya éta média *photostory* na, sedengkeun anu ngabédakeunana nya éta métode pangajaran, matéri ajar jeung sumber data nu rék di talungtikna.

Panalungtikan séjénna nya éta “Média *Photostory* Dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII 14 SMP 9 Bandung Taun Ajaran 2013/2014)” ku Tyas Agung Pratama taun 2014. Sasaruaan dina ieu panalungtikan nya éta média *photosotry* na, sedengkeun anu ngabédakeunana nya éta matéri ajar jeung sumber data nu rék di talungtikna.

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, panalungtikan anu dijudulan “Média *Photostory* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Warta (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung Taun Ajaran 2015/2016) perlu dilakukeun.

1.2 Rumusan Panalungtikan

Fokus masalah dina ieu panalungtikan nya éta nulis warta jeung média *photostory*. Kamampuh nulis warta museur kana: judul warta, teras warta, perangkai, eusi (5W+1H), jeung panutup sedengkeun média *photostory* mangrupa potu ngaruntuy anu eusina aya opat nepi ka lima potu nu digabungkeun jadi hiji, biasana potu kahiji nepi potu kalima caritana nyambung nepi ka bisa dijieun hiji carita sacara gembleng.

Masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya ieu di handap:

- 1) Kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2015/2016 saméméh ngagunakeun média *photostory*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajar 2015/2016 sabada ngagunakeun média *photostory*?

- 3) Naha aya béda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory* dina pangajaran nulis warta siswa kelas IX C SMP XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Aya dua tujuan dina ieu panalungtikan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus:

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji média *photostory* miboga pangaruh nu háde kana pangajaran nulis diksi, gaya basa, sistematika nulis warta jeung unsur-unsur warta siswa kelas IX SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus panlungtikan ieu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh ngagunakeun média *photostory*;
- 2) kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2015/2016 sabada ngagunakeun média *photostory* jeung;
- 3) béda nu signifikan kamampuh nulis warta siswa kelas IX C SMP Kartika XIX-2 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta nambahan pangaweruh ngeunaan media, kaéféktifan média jeung kaparigelan siswa dina nulis warta, jeung salah sahiji inovasi dina pangajaran nulis warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat Praktis tina ieu panalungtikan nya éta ieu di handap:

- 1) pikeun panulis, nambahan pangalaman dina ngajar siswa ngagunakeun média pangajaran nu cocok dina nulis warta;

- 2) pikeun guru, nambahan élmu jeung kaparigelan dina ngalarapkeun métode ogé média pangajaran Basa Sunda hususna pangajaran nulis warta;
- 3) pikeun siswa, bisa ngaronjatkeun kaaktifan diajar, cara mikir sacara ilmiah, kreatif jeung inovatif dina prosés diajar hususna pangajaran basa Sunda dina nulis warta;
- 4) pikeun pamaca, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan media pangajaran anu cocog dipaké nalika pangajaran nulis hususna média pangajaran *photostory* pikeun pangajaran nulis warta.

1.5 Raraga Nulis

Sacara gurat badag, raraga nulis ieu skripsi dibagi jadi 5 bab:

Bab I Bubuka, ngawengku kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, jeung raraga nulis.

Bab II Ulikan Tiori, ngawengku raraga mikir, jeung anggapan dasar, ngébréhkeun ulikan tiori anu ngawengku wangenan média, wangenan *photostory*, wangenan nulis, jeung wangenan warta.

Bab III Métode Panalungtikan, ngawengku data jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil jeung Pedaran, hasil tina ieu panalungtikan ngawengku kamampuh nulis warta siswa saméméh ngagunakeun média *photostory*, kamampuh nulis warta siswa sabada ngagunakeun média *photostory*, bédana kamampuh nulis warta siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *photostory*, sarta pedaran hasil panalungtikan média *photostory* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta.

Bab V Kacindekan, Implikasi jeung Rékoméndasi nu eusina kacindekan tina hasil panalungtikan, pedaran singkat ngeunaan dilarapkeunana média *photostory* jeung saran katut kamandang-kamandang ti panyusun.